

# 18 jiyè

**Li kase gwo van yo. Lanm lanmè yo sispann fè bri. Kalmi fèt. Yo te kontan lè yo wè lanmè a vin bèl. Senyè a fè yo rive san danje nan pò kote yo taprale a.** Sòm 107. 29, 30

## **Jezi se gran pilòt**

Yon powèt anglè te ekri : “mwen se mèt desten mwen, se mwen ki kapitèn nanm mwen”.

Ou ka di petèt ; nonm sa a se yon nonm ki fò. Avni li sou tè a pa fè l pè, se li ki sèl mèt k ap dirije vi li. Poutan, apre senk an nonm sa a te rive pèdi pitit fi li, li te akable ak lapenn. E lè nonm sa te vin avanse nan laj li te pèdi espwa.

Podyab, nonm sa a ki te mèt desten li, li pa t ka fè anyen pou evènman ki t ap ral rive nan lavi li pi devan an ! Jou li yo taprale vit tankou yon pay, yon tòran ap pote ale, san li pa ka ralanti kous li. Li te pretann, se li ki “kapitèn lavi li”, men mande l ki kote li pral kanpe ? L ap reponn ou li pa konnen.

Ke li vle ke li pa vle, li pa ka anpeche nanm li parèt devan Bondye. E la a, fòk li reponn kesyon sa a : “Ki sa ou te fè ak sakrifis Pitit mwen an ?” Li enposib pou yon moun kache devan Jistis Bondye. Anvan Bondye jije yon koupab, li te renmen l. Li te fè tou sa l te dwe fè pou sove l, li te sèlman mande li pou l kwè. Si koupab la refize, li va pote li menm sèl konsekans peche l. Bondye te pwouve lanmou li san limit anfavè tout moun, konsa jijman li va san limit tou.

Remèt Jezi lavi ou, se li ki gran kapitèn nan, ki ka fè w rive nan pò kote w vle ale a. Fè li konfyans ou pap janm regèt anyen.

# 18 juillet

**Il arrête la tempête, la changeant en calme, et les flots se taisent. Et ils se réjouissent de ce que les eaux sont apaisées, et il les conduit au port qu'ils désiraient.** Psaume 107. 29, 30

## **Jésus, le grand pilote**

Un poète anglais a écrit : “Je suis le maître de ma destinée, je suis le capitaine de mon âme”.

Voilà quelqu'un de fort, direz-vous. L'avenir, sur la terre et au-delà, ne lui fait pas peur. Il est seul maître à bord. Pourtant, quelque temps après, cet écrivain perdit sa fillette de cinq ans, et fut accablé de douleur. Et en approchant du terme de sa vie, il ne cachait pas son désespoir.

Pauvre maître de sa destinée, incapable de s'assurer de la minute qui vient ! Ses jours s'en vont, emportés comme par un torrent, et il ne peut pas même en ralentir la course. Il se prétend “capitaine de son âme”, mais demandez-lui sur quel rivage il va jeter l'ancre ? Il vous répondra probablement qu'il n'en sait rien.

Qu'il le veuille ou non, il n'empêchera pas son âme de comparaître devant Dieu. Et là, il lui faudra répondre à cette question : “Qu'as-tu fait du sacrifice de mon Fils ?” Impossible de se dérober devant la justice divine. Avant de le juger, Dieu a aimé le coupable. Il a tout fait pour le sauver, il ne lui demandait que de le croire. Si l'homme a refusé, il en portera seul la peine. L'amour divin a été sans limite, la justice s'exercera sans fléchir.

Confiez le gouvernail de votre vie à Jésus, le grand pilote. Lui seul peut redresser la barre, la tenir d'une main sûre, mener votre barque jusqu'au port. Faites-lui confiance. Vous ne le regretterez jamais.